# Mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa kórsetilip atırǵan medicinalıq-sociallıq xızmetlerdiń sapasın bunnan bılay da jaqsılaw ilajları haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı**

Mayıplıǵı bolǵan shaxslar, ásirese, balalardı reabilitaciyalaw, tolıq turmıs tárizin júrgiziwge járdem beriw hám imkaniyatların arttırıw ushın olardı zamanagóy protez-ortopediya buyımları  hám reabilitaciyalawdıń texnikalıq  quralları menen támiyinlew, tarawda málimleme-kommunikaciya texnologiyaların engiziw, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń basshılıǵında  2021-jıl 28-iyul kúni ótkerilgen mayıplıǵı bolǵan, ata-ana karamaǵınan ayırılǵan hám jetim balalardı mámleket tárepinen qollap-quwatlawdı keńeytiw boyınsha videoselektor májilisinde belgilengen wazıypalardı nátiyjeli orınlaw maqsetinde:

Tómendegiler mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa, ásirese, balalarǵa kórsetilip atırǵan medicinalıq-sociallıq xızmetlerdiń sapasın búgingi basqıshta jaqsılawdıń eń áhmiyetli baǵdarları dep esaplansın:
mektepke shekemgi hám qánigelesken bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıp atırǵan esitiw qábileti tómen balalardı zamanagóy esitiw buyımları menen támiyinlew arqalı beyimlestirilgen (adaptiv) oqıw sistemasın engiziw;

koxlearlıq implantatlardı ornatıw boyınsha xirurgiyalıq ámeliyatın ótkeriwden aldın hám onnan keyingi reabilitaciya procesin Mámleketlik byudjet qarjıları  esabınan tolıq biypul ámelge asırıw;

balalardı tuwma, patologiyalıq hám arttırılǵan súyek-buwın sistemasındaǵı ózgerisler hám deformaciyalardı emlew ushın zárúr bolǵan medicina buyımları hám endoprotezler menen úzliksiz támiyinlew, sonıń ishinde, ekzoskelet úskenesin alıp kiriw arqalı  mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń ádettegi turmısqa biyimlesiwin jedellestiriw;

bas miydegi patologiyalıq ózgerisler (sonıń ishinde, gidrocefaliya) menen tuwılǵan balalardıń, sonday-aq, jańa tuwılǵan balalar hám jas óspirimlerdegi tuwma júrek awırıwlarınıń xirurgiyalıq ámeliyatın ótkeriwdi mámleket támiynatına alıw;

mayıplıǵı bolǵan shaxslardı zamanagóy elektr menen júrgiziletuǵın mayıplar arbashaları menen basqıshpa-basqısh támiyinlew;

kózi ázzi balalar hám jası úlken adamlardıń turmısı ushın zárúr bolǵan texnikalıq qurallar, sonıń ishinde, dawıslı termometr, dawıslı tonometr hám jıynalmalı Brayl álipbesi menen basqıshpa-basqısh támiyinlew.

Esitiw qábileti tómen bolǵan balalardı emlewdi sapa jaǵınan jańa dárejege alıp shıǵıw jáne mayıplıǵı  bolǵan shaxslardıń ádettegi turmısqa beyimlesiwin ápiwayılastırıw boyınsha  2021-jılı hám kelesi jıllarda tómendegi ilajlar ámelge asırılsın:
2021-jıldıń aqırına shekem 2 mıń dana zamanagóy esitiw buyımların satıp alıw hám olardı  qánigelestirilgen bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıp atırǵan  esitiw qábileti tómen bolǵan balalarǵa jetkeriw;

2021-jılı  satıp alınıwı rejelestirilgen 260 koxlear implantatlarına qosımsha túrde 355 koxlear implantatlardı satıp alıw, olardı 5  jasqa shekemgi balalarǵa xirurgiyalıq ámeliyat arqalı ornatıw;

2021-jılı  qosımsha 2 mıńǵa shekem, 2022-jıldan baslap bolsa  hár jılı 3 mıńǵa shekem balaǵa tuwma júrek keselligi jáne  bas miydegi patologiyalıq  ózgerisler (sonıń ishinde, gidrocefaliya) boyınsha xirurgiyalıq ámeliyatların ótkeriw;

hár jılı keminde 110 nawqas bala ushın transpedikulyar sistema (fiksatorlar) toplamların satıp alǵan halda, olarda  skolioz  hám omırtqanıń  basqa patologiyası boyınsha xirurgiyalıq ámeliyatların ámelge asırıw;

jılına  ortasha  1 000 balaǵa tuwma hám patologiyalıq san shıǵıwın xirurgiyalıq ámeliyatlar arqalı emlew ushın zárúr metall konstrukciyaların satıp alıw;

hár jılı keminde 140 nawqas balada kókirek qápesi deformaciyasın emlew  ushın  150 arnawlı plastinalardı satıp alıw hám ornatıw;

nawqas balalarǵa tuwma ayaq-qol patologiyaların emlew ushın  350 Ilizarov apparatların satıp alıw;

hár jılı keminde 100 nawqas balaǵa xirurgiyalıq ámeliyatlar dawamında súyek defektlerin durıslaw ushın kollopan granulalardı satıp alıw;

balalar cerebral láń, omırtqa buwınınıń patologiyalıq sınıwı menen kesellengen balalar hám jası úlkenlerde erkin júriw funkciyaların qayta tiklew ushın Mayıplıǵı bolǵan

shaxslardı reabilitaciyalaw hám protezlew milliy orayı hám onıń aymaqlıq orayların 2021-2023-jıllarda 54, sonnan 2021-jılı 14 zamanagóy ekzoskelet úskenesi menen támiyinlew;

2021-2025-jıllarda 11,6 mıń dana, sonıń ishinde, 2021-jılı 1 100 dana elektr menen júrgiziletuǵın kreslo-arbashaların mayıplıǵı bolǵan shaxslar ushın satıp alıw;

kózi ázzi balalar hám jası úlkenlerdi 9 mıń dana dawıslı termometr, 10 mıń dana dawıslı tonometr, 20 mıń dana jıynalmalı Brayl álipbesi menen támiyinlew;

ózgelerdiń baǵıwına mútáj jalǵız kekseler hám mayıplıǵı bolǵan shaxslar awır hám ayrıqsha jaǵdaylarǵa túskende olarǵa tez járdem kórsetiw haqqında xabar beriwdiń innovaciyalıq joybarın ámeliyatqa engiziw. Onda, 2021-jılı 5 mıńǵa shekem hám 2022-2023-jılları 12 mıń arnawlı funkciyaǵa iye saattıń («Aqıllı saat») Mámleketlik byudjet qarjıları esabınan tiyisli kategoriyadaǵı shaxslarǵa jetkerip beriliwin jolǵa qoyıw.

2022-jıl 1-mayǵa shekem «Sociallıq xızmet» elektron platforması islep shıǵılsın hám iske qosılsın.
Platforma:

medicinalıq-sociallıq xızmetler tarawında xızmetlerdi málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında kórsetiw boyınsha arnawlı elektron programmalıq támiynat esaplanatuǵını;

protez-ortopediya buyımları hám reabilitaciyalaw texnikalıq qurallarına mútáj bolǵan shaxslardıń ashıq-aydın elektron gezek sistemasın támiyinleytuǵını;

mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa sociallıq xızmetlerdi kórsetetuǵını, olardı protez-ortopediya buyımları hám reabilitaciyalawdıń texnikalıq quralları menen támiyinlewge xızmet etetuǵını;

protez-ortopediya buyımları hám reabilitaciyalawdıń texnikalıq qurallarınıń jaramlılıq múddetin qadaǵalaytuǵını, olarǵa kútilip atırǵan mútájlikti anıqlaytuǵını, usı buyımlar hám qurallar menen óz waqtında támiyinlewdi ámelge asırıw ushın waqtında zárúr rezerv jaratıw imkaniyatın beretuǵını;

mayıplıǵı bolǵan shaxs yamasa onıń wákili tárepinen medicinalıq-sociallıq xızmetler boyınsha tez múrájat etiw sıyaqlı máselelerdi óz ishine alatuǵını belgilensin.

Qarjı ministrligi (T.A.Ishmetov) usı qarardıń 1-3-bántlerinde názerde tutılǵan ilajlardı qarjılandırıw ushın 2021-jılı Mámleketlik byudjetten qosımsha qarjı ajıratsın, 2022-jıldan baslap bolsa Mámleketlik byudjet parametrlerin qáliplestiriwde zárúr qarjılardı inabatqa

alsın.
Mayıplıǵı bolǵan shaxslar jumısları boyınsha uyımlararalıq keńes (B.A.Musaev):
bir ay múddette usı qarardıń 1 hám 2-bántlerinde belgilengen wazıypalardı 2021-jılı hám kelesi jıllarda ámelge asırıw boyınsha ilajlar baǵdarlamasın, sonday-aq, 3-bántinde belgilengen platformanı jaratıw, onıń buyırtpashısın anıqlaw jáne kelesi texnikalıq qollap-quwatlaw hám modernizaciyalap barıwǵa qaratılǵan ilajlardıń baǵdarlamasın tastıyıqlasın;

eki ay múddette tiyisli jámiyetlik shólkemler hám maman qánigeler menen birgelikte 2022-jıldan baslap jańadan tuwılǵan nárestelerdiń esitiw qábiletin neonatal skriningten ótkeriwdi tolıq engiziw boyınsha usınıs kirgizsin;

zárúr jaǵdaylarda mámlekettegi epidemiologiyalıq jaǵday, medicinalıq mákemelerdiń pandemiya dáwirindegi minnetlemesi hám ámeldegi talaplarınan kelip shıǵıp, usı qarardıń 2-bántinde belgilengen kórsetkishlerge ózgerisler kirgizsin.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalasınıń hákimleri Medicinalıq-sociallıq xızmetlerdi rawajlandırıw agentligi menen birgelikte:
orınlardaǵı infrastrukturalardıń mayıplıǵı bolǵan shaxslar ushın qolaylıǵın basqıshpa-basqısh támiyinlewge baǵdarlanǵan ilajlardı, sonıń ishinde, jańadan qurılıp atırǵan obektler, jol infrastrukturası, jumıs alıp barıp atırǵan jámiyetlik transport hám sociallıq infrastruktura obektlerinde mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa bolǵan talaplarǵa ámel etiliwin támiyinlesin;

mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń jámiyetlik shólkemleriniń jumısın hár tárepleme qollap-quwatlasın, olar menen sociallıq sheriklik haqqındaǵı kelisimlerdi dúzsin;

mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa hár tárepleme járdem kórsetiw, sociallıq turmısta belsendiligin arttırıw, olar ushın aǵartıwshılıq hám mádeniy-gumanitarlıq ilajlardı shólkemlestiriw sıyaqlı máseleler boyınsha joybarlardı ámelge asırsın.

Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker hám jeke juwapker etip Medicinalıq-sociallıq xızmetlerdi rawajlandırıw agentliginiń direktorı A.K.Inakov, densawlıqtı saqlaw ministri A.M.Xadjibaev hám qarjı ministri T.A.Ishmetov belgilensin.
Qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker uyımlardıń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Bas ministrdiń orınbasarı B.A.Musaevqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti keńesgóyiniń orınbasarı D.M.Kenjaevqa júklensin.

Ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligi boyınsha 2021-jıl 31-dekabrge shekem Ózbekstan Respublikası Prezidentine málimleme kirgizilsin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2021-jıl 9-avgust